



Pou Piblikasyon Imedya: 23/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

“Jodi a nou te genyen negosyasyon ki pwodiktif ak reprezantan gouvènman Ongwa a sou sitiyasyon Inivèsite Santral Ewopeyen an (Central European University, CEU), yon enstitisyon klas mondyal ki akredite nan Eta New York.

Nou te rankontre pou diskite sou yon nouvo lwa ki menase prezans kontini CEU nan Ongri, ak bezwen ijan pou pwoteje libète akademik. Nou te fè bon jan pwogrè nan diskisyon yo ak Kristóf Altusz, ki se Sekretè Deta Adjwen nan Ministè Zafè Etranjè ak Komès la (Ministry of Foreign Affairs and Trade).

Nou enpasyan pou gen yon rezolisyon rapid k ap garanti entegrite CEU a ak misyon edikatif vital li a.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418